

**PROJET DE LOI N° 1/...DU.../.../2025 PORTANT GESTION DU MERCURE AU BURUNDI
INTEGURO Y'IBWIRIZWA INOMERO 1/...RYO KU WA .../.../2025 RITUNGANYA
IBIJANYE NA MERIKIRE MU BURUNDI**

Annexe I. Partie A. Produits contenant du mercure ajouté
Imperekeza ya I. Igihimba A- Ibihingurwa vyongewemwo merikire

Produits contenant du mercure ajouté/ <i>Ibihingurwa vyongewemwo merikire</i>
<p>1. Piles, à l'exception des piles boutons zinc-oxyde d'argent et zinc-air à teneur en mercure <2%</p> <p>1. Amabeteri, uretse amabeteri ameze nk'ibipfungo « zinc-oxyde » na « zinc-air » harimwo merikire iri ku rugero rudashikana ibice 2%</p>
<p>2. Les commutateurs et relais, à l'exception des ponts de mesure de capacité et de perte à très haute précision et des commutateurs et relais radio haute fréquence pour instruments de surveillance et de contrôle possédant une teneur maximale en mercure de 20mg par pont, commutateur ou relais/</p> <p>2. Ivyuma bihuza imihora bikoroheraza uruhererekane, uretse ibikoreshwa mu gupima neza cane ata kwihenda hamwe n'ivyuma bifatanya imihora bikoroheraza uruhererekane rw'amakuru y'isamirizi mu vyuma vy'ugucungera n'ugusuzuma birimwo urugero ntarengwa rwa merikire rwa mg 20 mu kiraro kimwekimwe canke icuma kimwekimwe</p>
<p>3. Les lampes fluorescentes compactes (LFC) d'éclairage ordinaire :</p> <p>3. Amarampuru y'inzinguzingu (LFC) atanga umuco ukwiye:</p> <p>a) LFC.i de puissance $\leq 30W$ à teneur en mercure supérieure à 2,5mg par bec de lampe ;</p> <p>a) Amarampuru LFC.i atanga umuyagankuba w'inkomezi zingana canke zidashikana W 30 arimwo merikire isumba mg 2,5 kw'itara rimwerimwe;</p>

b) LFC.i de puissance $\leq 30W$ à teneur en mercure supérieure à 3,5mg par bec de lampe ;

b) Amarampuru LFC.i atanga umuyagankuba w'inkomezi zingana canke zidashikana W 30 arimwo merikire irenga mg 3,5 kw'itara rimwerimwe ;

4. Les tubes fluorescents linéaires d'éclairage ordinaire/

4. Amatibe agorotse atanga umuyagankuba ugereranye

a) au phosphore à trois bandes de puissance $< 60W$ à teneur en mercure supérieure à 5mg par lampe

a) agizwe na « phosphore » afise ubushobozi bw'inzira zitatu atanga umuco w'inkomezi udashika W 60 arimwo merikire irenga mg 5 mw'irampuru rimwerimwe

b) au phosphore d'halophosphate de puissance $\leq 40W$ à teneur en mercure supérieure à 10mg par lampe

b) akozwe « phosphore » azinzwe gutatu atanga umuco w'inkomezi udashika W 60 arimwo merikire irenga mg 5 mw'irampuru rimwerimwe

5. Les lampes d'éclairage ordinaire à vapeur de mercure sous haute pression/

5. Amarampuru atanga umuco ugereranye akoresha umwuka mwinshi wa merikire

6. Les lampes fluorescentes à cathode froide et à électrodes externes pour affichages électroniques contenant du mercure ajouté

6. Amarampuru adashuha cane n'ayatanga umuco mwinshi yongewemwo merikire akoresha ku bimanikwa vyerekanwa n'umuyagankuba

a) de faible longueur ($\leq 500mm$) à teneur en mercure supérieure à 3,5mg par lampe

a) afise uburebure bwa ($\leq mm 500$) arimwo merikire isumba mg 3,5 mw'irampuru rimwerimwe ;

b) de longueur moyenne ($> 500mm$ et $\leq 1500mm$) à teneur en mercure supérieure à 5mg par lampe

b) afise uburebure bwa ($> 500mm$ na $\leq 1500mm$) arimwo merikire isumba mg 5 mw'irampuru rimwerimwe ;

c) de grande longueur ($> 1500mm$) à teneur en mercure supérieure à 13mg par lampe

c) afise uburebure bwa ($> mm 1500$) arimwo merikire isumba mg 13 mw'irampuru

<i>rimwerimwe ;</i>
<p>7. Les cosmétiques contenant du mercure ou des composés du mercure</p> <p>7. ivyahinguwe bigenewe isuku n'ubwiza birimwo merikire canke ibigizwe na merikire</p>
<p>8. Les pesticides, les biocides et les antiseptiques locaux</p> <p>8. Imiti ikoreshwa mu kwica utunyabuzima tubangamira ibiterwa, iyikoreshwa mu kwica utunyabuzima n'iyikoreshwa mu gukinga no mu kwica imigera itera indwara</p>
<p>9. Amalgames dentaires</p> <p>9. Urusukirane rwa merikire n'ubundi butare rukoresha mu kuvura Amenyoy</p>
<p>10. Les instruments de mesure non électroniques ci-après :</p> <p>10. bikoresho vy'ugupima bidakoresha umuyagankuba bikurikira :</p> <p>a) Baromètre; a) igikoresho gipima uburemere bw'ikirere;</p> <p>b) Hygromètres; b) igikoresho gipima ubukanye bw'umuyaga;</p> <p>c) manomètres ; c) ibikoresho bipima inguvu z'umwuka ;</p> <p>d) thermomètres et autres applications non électriques; d) ibikoresho bipima ubushuhe n'ibindi bikoresho bidakoresha umuyagankuba ;</p> <p>e) sphygmomanomètres; e) ibikoresho bipima umurindi w'amaraso;</p> <p>f) jauges de contrainte utilisées avec pléthysmographe;</p>

f) igikoresho gipima ihindagurika ry'inguvu z'umuyagankuba gikoreshwa kiri kumwe n'igikoreshwa mu gupima ubwaguke bw'imitsi hafatiwe ku rugero rw'amaraso ayicamwo;

g) pycnomètres à mercure;

g) ibikoresho vyo mu masuzumiro bipima uburiba n'uburemere bw'ikintu hakoreshejwe merikire ;

h) instruments de mesure contenant du mercure pour la détermination du point de ramollissement.

h) ibikoresho birimwo merikire bipima urugero rw'ubushuhe rutuma ikintu gishonga canke coroha.

Sont exclus de la présente rubrique les instruments de mesure suivants :

Ibidashirwa muri uwu mugwi w'ibikoresho bipima ni ibi bikurikira :

- Instruments de mesure non électroniques intégrés à de grands équipements ou utilisés à des fins de mesure de haute précision lorsqu'aucune solution de remplacement adaptée sans mercure n'est disponible ;
- **ibikoresho vy'ugupima bidakoresha umuyagankuba biri mu bigize ibikoresho binini canke bikoreshwa mu gupima ata kwihenda igihe ata bundi buryo bubereye na bumwe bukoreshwa ata merikire buhari ;**
- Instruments de mesure vieux de plus de 50 ans au 3 octobre 2007 ;
- **ibikoresho vy'ugupima vyari bimaze imyaka irenga 50 kw'igenekerezo rya 3 Gitugutu 2007 ;**
- Instruments de mesure destinés à être présentés à des fins culturelles et historiques, lors d'expositions publiques.
- **ibikoresho vy'ugupima bigenewe kwerekanwa mu vyerekeye imico kama na kahise, mu mahayanishwa.**

Partie B. Autres produits exclus de la liste figurant dans la partie A de la présente annexe/

Igihimba B-Ibindi bihingurwa bidashirwa ku rutonde ruri mu gihimba A c'iyi mperekeza

Les commutateurs et relais, les lampes fluorescentes à cathode froide et à électrodes externes pour affichages électroniques et les instruments de mesure, lorsqu'ils remplacent un composant d'un équipement plus grand et à condition qu'aucune solution de remplacement viable sans mercure ne soit disponible.

Ivyuma bihuza imihora bikorohereza uruhererekane, amarampuru adashuha cane n'ayatanga umuco mwinshi akoreshwa ku bimanikwa vyerekanwa n'umuyagankuba n'ibikoresho vy'ugupima, mu gihe ari ivy'ugusubiriza kimwe mu bigize igikoresho kinini cane kandi igihe ata bundi buryo bubereye na bumwe bukoreshwa ata merikire.

**PROJET DE LOI N° 1/...DU.../.../2025 PORTANT GESTION DU MERCURE AU BURUNDI
INTEGURO Y'IBWIRIZWA INOMERO 1/...RYO KU WA .../.../2025 RITUNGANYA
IBIJANYE NA MERIKIRE MU BURUNDI**

Annexe 2: Liste des sources ponctuelles d'émissions atmosphériques de mercure et de composés de mercure

Imperekeza ya 2 : Urutonde rw'ibivamwo imyuka ishwara mu kirere bitaboneka bituruka kuri merikire no ku bigizwe na merikire

Catégorie de sources ponctuelles :

Umugwi w'ibivamwo imyuka itaboneka :

- Centrales électriques alimentées au charbon ;
- ***ivyubatswe bitanga umuyagankuba hakoreshejwe amakara ;***
- Chaudières industrielles alimentées au charbon ;
- ***Ibikoresho vyo gushusha amazi canke umwuka mu mahinguriro hakoreshejwe amakara ;***
- Procédés de fusion et de grillage utilisés dans la production de métaux non ferreux ;
- ***Ubuhingwa bwo gushongesha n'ubwo kwotsa bukoreshwa mu guhingura ubutare butarimwo ivyuma ;***
- Installation d'incinération de déchets ;
- ***Icubatswe c'ugutuririramwo imyanda ;***
- Installation de production de clinker de ciment.
- ***Icubatswe gihingurirwamwo ibikorwamwo isima.***